

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana masalah jeung hasil analisis data tina ieu panalungtikan nu medar ngeunaan alih kode jeung campur kode basa panganteur dina prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda, aya sababaraha hal anu kapanggih tina éta hasil analisis data. Ieu di handap baris ditulis sababaraha kacindekanana, di antara:

- 1) Kasang tukang dipakéna basa Sunda ku guru jeung murid SMP Negeri 1 Purwadadi dina kahirupan sapopoéna kapanggih, guru pangajaran basa jeung sastra Sunda SMP Negeri 1 Purwadadi ngagunakeun tilu basa, nya éta basa Sunda, basa Jawa, jeung basa Indonesia dina kahirupan sapopoéna. Ari murid SMP Negeri 1 Purwadadi hususna kelas VII-A, VII-F, jeung VII-H kapanggih sélér bangsa indung nu asalna ti Sunda aya 35,71% jeung nu asalna ti Jawa aya 64,29%, sélér bangsa bapa nu asalna ti Sunda aya 36,74% jeung nu asalna ti Jawa aya 63,26%, basa sapopoé anu digunakeun ku murid nu ngagunakeun BS aya 25,74%, anu ngagunakeun BJ aya 38,61%, nu ngagunakeun BI aya 1,98%, ngagunakeun campuran BS–BJ aya 23,76%, jeung anu ngagunakeun campuran BS–BI aya 9,91%, murid anu ngagunakeun BS nalika komunikasi jeung indungna aya 34,7%, anu henteu ngagunakeun BS aya 50%, anu sakapeung ngagunakeun BS sakapeung BJ aya 9,18%, jeung nu sakapeung BS sakapeung BI aya 6,12%, murid anu ngagunakeun BS nalika komunikasi jeung bapana aya 35,72%, anu henteu ngagunakeun BS aya 48,98%, nu sakapeung BS sakapeung BJ aya 8,16%, jeung anu sakapeung BS sakapeung BI aya 7,14%, murid anu ngagunakeun BS nalika komunikasi jeung dulurna aya 34,34%, nu henteu ngagunakeun BS aya 49,5%, anu sakapeung BS sakapeung BJ, jeung nu sakapeung BS sakapeung BI aya 8,08%, murid nalika komunikasi jeung tatangga anu ngagunakeun BS aya 32,65%, nu ngagunakeun BJ aya 44,9%, nu ngagunakeun campuran BS–BJ aya 18,37%, jeung campuran BS–BI aya 4,08%, murid nalika komunikasi

jeung babaturanna di sakola anu ngagunakeun BS aya 9%, nu ngagunakeun BJ aya 22%, nu ngagunakeun BI aya 8%, anu ngagunakeun basa campuran BS–BJ aya 50%, jeung anu ngagunakeun basa campuran BS–BI aya 11%, anu ngarti kana BS minangka basa panganteur dina pangajaran basa jeung sastra Sunda aya 63,27% jeung anu satengah ngarti aya 36,73%, anu ngarti kana BI minangka basa panganteur dina pangajaran basa jeung sastra Sunda aya 97,96% jeung anu satengah ngarti aya 2,04%, sarta basa anu digunakeun nalika jajan di sakola ku murid nu ngagunakeun BS aya 45,55%, ngagunakeun BJ aya 6,93%, campuran BS–BJ aya 40,59%, jeung campuran BS–BI aya 6,93%.

- 2) Alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di kelas VII SMP Negeri 1 Purwadadi, nya éta kapanggih basa panganteur dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi nya éta ngagunakeun basa Sunda, tapi dina éta basa panganteur kapanggih ayana basa Sunda anu ngalaman gejala alih kode jeung campur kode. Éta gejala alih kode nyampak dina kalimah alih kode BS–BJ aya 37 (4,32%) kalimah, AK BS–BI aya 21 (2,45%) kalimah, AK BI–BJ aya 14 (1,63%), jeung AK BS–BJ–BI aya 4 (0,46%) kalimah. Di sagigireun éta gejala alih kode, nyampak ogé gejala campur kode anu nyampak dina kalimah CK BS–BJ aya 44 (5,14%) kalimah, CK BS–BI aya 126 (14,73%) kalimah, CK BJ–BI aya 3 (0,35%) kalimah, jeung CK BS–BJ–BI aya 4 (0,46%) kalimah.
- 3) Jumlah kecap alih kode jeung campur kode anu asalna ti saluareun basa Sunda nya éta kapanggih dina alih kode, jumlah kecap anu asalna ti basa Jawa aya 36 (45%) kecap basa Jawa jeung anu asalna ti basa Indonesia aya 44 (55%) kecap basa Indonesia. Sarta, kapanggih jumlah kecap campur kode anu asalna ti basa Jawa aya 40 (27,9%) kecap basa Jawa jeung anu asal kecapna ti basa Indonesia aya 103 (72,1%) kecap basa Indonesia.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung kacindekan anu geus diébréhkeun di luhur, aya sababaraha hal saran anu perlu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh jeung kaparigelan dina ngagunakeun basa Sunda ku guru jeung murid sarta warga sakola SMP Negeri 1 Purwadadi nya éta di antarana:

- 1) Pikeun lembaga atikan formal nu aya di Jawa Barat, sangkan ngalaksanakeun peraturan anu geus ditangtukeun, yén nurutkeun Perda mata pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda wajib ditepikeun di sakola-sakola SD, SMP, jeung SMA. Ku kituna dipiharep satiap sakola mampuh ngamekarkeunana dina kagiatan-kagiatan anu aya di handapeun naungan sakola sangkan murid-murid leuwih reueus kana budayana jeung leuwih reueus dina maké basana.
- 2) Pikeun sakumna guru anu sacara langsung ancrub dina prosés KBM di sakola, hususna pikeun guru Basa Sunda, guru salaku anu ngatik ngadidik ngaping ngabina para muridna nu tangtuna bakal gedé pangaruhna pikeun digugu jeung ditiru, ku kituna dipiharep ngagunakeun basa Sunda pikeun murid nu tacan mampuh ngagunakeun basa Sunda bisa ngagunakeun jeung bisa leuwih ngamekarkeun deui pangaweruhna kana éta basa.
- 3) Pikeun para murid anu sakola di lembaga atikan formal dipiharep ulah éra dina ngagunakeun basa Sunda, komo deui umpama éta basa mangrupa basa indungna. Sabab basa Sunda mangrupa salasihiji budaya bangsa jeung lambang jati diri urang Sunda anu kudu dipiara, nya cara miarana téh kudu dipaké basana.